

ACLU kont Pwofil Rasyal !

- ACLU ap denonse yon plan gouvènman genyen pou li bay lapolis dwa ranfòse lwa imigrasyon. ACLU di ke plan-sa-a, se pa anyen li pwal regle pou anpeche krim fèt. ACLU wè se ankouraje plan-an pwal ankouraje pwofil rasyal (ki vle di lapolis gen dwa rete'w, kesyone'w, arete'w, envistige'w san li pa gen okenn lòt rezon pase koulè po'w oswa poutèt kote ou soti.
- ACLU ap refè deman-li te fè pou yo lage Ayisyen ki t'ap chache azil-yo. ACLU temwaye devan « Commission on Civil Rights » pou denonse diskriminasyon INS pratike lè li refize lage Ayisyen, menm lò refijye-yo fin bay tout prèv INS mande-yo (tankou sa yo rele « credible-fear-la).
- Nan Los Angeles, Maryland, New Jersey, ak San Francisco, yo te met 5 nèg deyò nan avyon. Se te prejije moun ki ta'p travay pou avyon sa-yo ki te lakoz zak-sa-a. ACLU te fè depozisyon pou ede 5 moun-sa-yo asiyen ajans-yo.
- ACLU kole tèt ansanm ak lòt òganizasyon pou yo fòme « Civilian Investigative Panel » (CIP) pou envestige enkonndwit lapolis. Anpil votè nan Miami dakò ak kombit-sa-a, kifè, pita nan ane-a, panel-la pwal kòmanse travay sou akizasyon ki te fèt sou enkonndwit lapolis.
- ACLU temwaye ke li sipote « AK » ki mande sisprann pwofil rasyal-la (End Racial Profiling Act of 2001). Se yon « AK » ki defann lapolis pratike pwofil rasyal. AK-la pote sekou bay viktim pwofil rasyal, e li kreye yon sistèm pou koleksyone enfòmasyon sou ka-sa-yo.
- Se gras a avoka ACLU ke Florida Attorney General, Bob Butterworth kreye yon gwoup moun pou analize afè diskriminasyon lapolis ak ajans ki la pou fè obeyi lalwa.
- ACLU sipote yon « BILL » ki mande ke cherif ak ajans minisipal ki ranfòse lalwa fèt pou kreye yon pwogram ki kont pratik diskriminasyon disi janvye 2002.
- ACLU ap siveye yon pwogram ki koleksyone enfòmasyon sou kimoun jandam sikilasyon rete. Li koleksyone enfòmasyon tankou ki ras moun-yo, ki peyi yo soti, si se fi oswa gason. Nenpòt ki moun ka jwenn enfòmasyon-sa-a nan <http://www.fhp.state.fl.us/html/census/profile.html>
- ACLU fè pati de yon Advisory Board ke yo mete sou pye espesyalman pou fè koleksyon enfòmasyon sou pwofil rasyal ke County Commission Miami Dade-la te otorize.
- ACLU fè demach pou ankouraje « AK » ki rele « traffic Stops Along the Border Statistics Study Act of 2001 » ki se yon AK ki mande Attorney General-la pou li 1) gade wè kilès lapolis te rete nan tout peyi-a, 2) Gen de moun ki pote plent pou di lapolis te rete-yo poutèt koulè po-yo, oswa poutèt kote yo soti. AK sa-a ta vle pou Attorney General-la analize plent-sa-yo, ak done ki deja la, pou yo envestige ka-sa-yo.

**Ede ACLU mete Pwofil Rasyal Atè ! Vini Kole tèt ak
ACLU of Florida, 4500 Biscayne Blvd., Suite 340, Miami FL 33137
(305)576-2337**

<http://www.acluf.org/krevol>